**SUMMARY.** In the article, pedagogues make a great contribution to the formation of capable, confident students who are ready to apply their knowledge in real situations in the process of developing and improving skills using effective educational strategies. By carefully considering practical activities, educators not only impart knowledge, but also arouse enthusiasm and interest.

## MUZÍKA SABAǴÍNDA «VENA KLASSIK MEKTEBINIŃ WÁKILLERI» TEMASÍN OQÍTÍWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANÍW

**G.J.Axetova** – *oqıtıwshı*

*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: interaktiv metodlar, musiqa, sinkveyn, konseptual jadval, tog'ri-notog'ri uslublari.

**Ключевые слова**: интерактивные методы, музыка, методы синквейн, концептуальная таблица, правильный-неправильный стили.

**Key words:** interactive methods, music, methods syncwine, conceptual table, right-wrong styles.

Búgingi kúnde rawajlanǵan mámleketlerde oqıwshılardıń oqıw hám dóretiwshilik iskerligin asırıwshı, tálim-tárbiya procesiniń jetiskenligine kepillik beriwshi zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw barısında úlken tájiriybe toplanǵan bolıp, bul tájiriybe tiykarın interaktiv metodlar quraydı [1:3].

**Interaktiv** metod - oqıtıwshı menen oqıwshılardıń, oqıwshı menen oqıwshılardıń óz-ara birgelikte háreketleniwine tiykarlanǵan metod bolıp tabıladı. Oqıtıwdıń interaktiv usılların tańlawda tálim maqseti, tálim alıwshılardıń sanı hám imkaniyatları, oqıw ornınıń oqıw - támiynatınıń jaǵdayı, tálimniń úzliksizligi, oqıtıwshınıń pedagogikalıq sheberligi hám taǵı basqalar itibarǵa alınadı [2:9] .

Bul maqalada ulıwma bilim beriw mekteplerinde 7-klassta muzıka sabaǵında «Vena klassik mektebiniń wákilleri» menen tanıstırıwda interaktiv metodlardan paydalanıw boyınsha metodikalıq kórsetpelerdi usınamız.

**Vena klassik mektebiniń kórnekli wákilleri.** XVIII ásirdiń ekinshi yarımında Avstraliyanıń paytaxtı Vena qalasında muzıka mádeniyatı tez pát penen rawajlana basladı. Aǵartıwshılıq ásiriniń ideyaları ústin bul turmısın qalada avstriya, nemec, venger, italyan, slavyan hám basqa xalıqlardıń tatıw ómirin kóriw hám de olardıń milliy namaların tıńlaw múmkin edi. Mine usı namalar birligine tiykarlanǵan halda XVIII ásirdiń sońǵı sheregine kelip, Venada muzıka dóretiwshileri-kompozitorlarınıń ózine say mektebi júzege kelgen edi. Tariyxta «Vena klassik mektebi» atı menen belgili bolǵan bul dóretiwshilik mektebi dástúrleri dáslep Yozef Gaydn (1732-1809) hám Volfgang Amadey Mocart (1756-1791) muzıka shıǵarmalarında payda bolıp, keyinirek olardıń jas zamanlası Lyudvig van Betxoven (1770-1827) tárepinen dawam etilgen edi.

Usı mekteptiń kórnekli wákilleri jáhán muzıka mádeniyatın sonata, kvartet, simfoniya sıyaqlı iri saz muzıka shıǵarmaları menen bayıtıwǵa miyassar boldı.

Vena klassik mektebi kompozitorları dóretiwshiliginde simfoniya janrınıń klassik forması da úzil-kesil qáliplesti hám rawajlandı. Usıǵan baylanıslı bul túrdegi simfoniya 4 bólimnen ibarat shıǵarma bolıp, onıń dáslepki bólimi tez tempte, ekinshi bólimi áste hám awır, úshinshisi bolsa oyın xarakterinde hám aqırında juwmaqlawshı tórtinshi bólim yoshlı final túrinde jańraǵan. Ádette bunday simfonik shıǵarmalardı usıǵan qánigelesken simfonik orkestr atqaradı.

Vena klassik mektebi kórnekli wákillerinen I.Gaydn júzden artıq, V.Mocart 41, L.Betxoven bolsa 9 simfonik shıǵarmaların dóretken. Sonday-aq, opera kórkem ónerin de mazmunlı shıǵarmalar menen bayıtıwǵa hám usı tiykarda onı rawajlandırıwǵa óz úlesin qosqan. Oǵan V.A.Mocarttıń «Figaronıń úyleniwi», «Sıyqırlı nay», «Don Juwan», L.Betxovenniń «Fidelio» operaları ayqın dálil boladı [3:91].

***Sinkveyn usılı.*** Sinkveyn haqqında qısqasha maǵlıwmat: -Sinkveyn bes qatarlı taqmaq degendi ańlatadı. Tema boyınsha alınǵan bilimdi qısqasha rezyume beriw qábiletinde oqıwshılarda túsinik payda etiwde járdem etedi. Sinkveyn materialdı, maǵlıwmattı qısqa pikirlerde sintezlewdi talap etetuǵın taqmaq. Sinkveyndi jazıwǵa qoyılatuǵın qaǵıydalar.

1. Birinshi qatarda tema bir atlıq sóz járdeminde sáwlelenedi.
2. Ekinshi qatarda temanı eki kelbetlik sózdiń járdeminde sáwleleniwi.
3. Úshinshi qatarda berilgen tema kóleminde háreketti úsh sóz arqalı sáwlelendiriw.
4. Tórtinshi qatarda temaǵa qatnasın bildiretuǵın tórt sózden ibarat bolǵan gápti keltiriw kerek.
5. Besinshi qatarda temanıń mazmunın ashatuǵın bir sózden ibarat bolǵan birinshi atlıq sózdiń sinonimin keltiriw kerek [4:354].

**«Sinkveyn» usılı**

Qalay islew kerek ?
Atama (áddetde atlıq sóz) _____________
Sáwleleniw (ádette kelbetlik eki sóz) ____ _______
Háreket (áddette feyil úsh sóz) _____ ______ ______
Seziw (fraza) _____ ______ ______ _________
Tiykardı qaytalaw __________

***«Sinkveyn» usılı boyısha tapsırma:*** Mocartqa sinkveyn dúziń.

Motsart.
Talantlı, intalı.
Yoshlandıradı, zawıqlandıradı, ózine tartadı.
Ol muzıkalıq eń jaqsı gáziynelerdiń jaratıwshısı bolıp tabıladı.
Kompozitor.

***Durıs – nadurıs usılı.*** Oqıtıwshı ótilgen tema boyınsha belgili bir mazmunǵa iye bolǵan qısqasha sóz dizbegin tayarlaydı hám onı oqıwshılarǵa usınadı. Usınıs etilgen sóz dizbeklerinen oqıwshılar tek durısın tańlaydı. Úy wazıypasın tekseriwde yamasa ótilgen materialdı tákirarlawda júdá effektli usıl bolıp esaplanadı.

***«Durıs-nadurıs» usılı boyısha tapsırma:***

1. Lyudvig Van Betxoven Germaniyadaǵı Reyn dáryasınıń boyında jaylasqan Bonn qalasında 1770-jılı dúnyaǵa kelgen.
2. Ol óz dáwirindegi eń ataqlı pianist hám polyak klassik muzıkasınıń negizin salǵan kompozitor boldı.
3. Ol 3 jasınan baslap muzıkaǵa qızıǵıp apası Annanıń klavesinde shertken muzıkaların bir esitkennen qátesiz shertip bere alar edi.
4. 1778-jılı ákesi 8 jasar Lyudvigti birinshi márte koncertke shıǵaradı.
5. Betxoven: 2 koncert, fortepiano ushın: 4 pesa, 3 sonata, 4 ballada, 76 polonez, 60 mazurka, 17 vals, 27 etyud jazıp qaldırǵan.
6. Betxoven kesellikke shalınıp, qulaǵı esitpey qaladı. Sol jaǵdayda da muzıka jazıwın toqtatpay, kóp sandaǵı sonatalar, piesalar, simfoniyalar, oratoriya hám «Fidelio» operasın jazıp qaldırdı.
7. 8 jaslı Mocarttıń shıǵarmaları Parijde kitap bolıp shıǵadı. Ol 12 jasında óziniń birinshi operasın jazadı.
8. Italiyanıń ataqlı kompozitorı Dj.Verdi Betxovenge kompozitorlıqtan sabaq beredi. Oqıwdıń sońında sınawdan tabıslı ótip, 14 jasar Betxoven London akademiyasınıń húrmetli aǵzası diplomın aladı.
9. Betxoven áwladlarǵa «Figaronıń úyleniwi», «Sıyqırlı fleyta» operaların, kóp sanlı simfoniya, fortepiano ushın shıǵarmalar, sonata, koncertler, xor ushın shıǵarmalar qaldırdı.

10. Betxoven ómiriniń sońǵı 9 jılı dawamında «Kamarinskaya» simfoniyalıq poemasın, kóp p'esalar, romanslar jazadı.

11. Organshı Nefe onıń oqıtıwshısı hám dostı boladı.

12. Xojalıǵı jarlı jasaǵanlıǵı sebepli ol saray kapellasında organshınıń járdemshisi bolıp islewge májbúr boldı.

13. Lyudvig az sóyleytuǵın, kóbinese jalǵız júriwdi jaqsı kóretuǵın bala edi.

14. Betxovenniń shıǵarmaları dúnya muzıkasına, ásirese fortepiano muzıkasınıń rawajlanıwına úlken úles qostı. Ol negizinen fortepiano ushın shıǵarmalar kóp jazǵan, olar muzıkalıq «altın» miyrastıń eń biybaha úlgileri bolıp sanaladı.

15. Betxoven diyxanlar orkestrin tıńlap, ózi skripka, fleyta hám fortepiano shertiwdi úyrendi.

16. Shet el kompozitorlarınıń ishinde dúnyaǵa jaslıǵınan belgili bolǵan Volfgang Amadey Mocart 1756-jılı 27-yanvarda Avstriyanıń Zalsburg qalasında saray kompozitorı hám organshısı Leopold Mocart shańaraǵında dúnyaǵa keldi.

| *№* | *Juwaplar* | *№* | *Juwaplar* |
|---|---|---|---|
| 1. | durıs | 9. | nadurıs |
| 2. | nadurıs | 10. | nadurıs |
| 3. | nadurıs | 11. | durıs |
| 4. | durıs | 12. | durıs |
| 5. | nadurıs | 13. | durıs |
| 6. | durıs | 14. | durıs |
| 7. | durıs | 15. | nadurıs |
| 8. | nadurıs | 16. | durıs |

**Konceptual keste** usılın qollanıw ushın tómendegishe tarqatpa materiallar teksti tayarlanadı hám hár bir toparǵa tarqatıladı. Sonıń menen birge ekspert beti tarqatıladı. Oqıwshı tarqatpa materiallar ishinen qaysı kompozitor qaysı operanı, baletti yamasa muzıkalı dramalıq shıǵarmanı dóretkenligi haqqında maǵlıwmatlardı ajıratıp ekspert betindegi konceptual kestesin toltıradı [5:90].

*Konceptual keste usılın orınlaw shárti:* túsinikleri, minezlemeleri, belgileri, qásiytleri, klassifikaciyası boyınsha klasslarǵa ajıratıw; tálim alıwshılarǵa aldınnan tayarlap qoyılǵan konceptual keste beriw múmkin emes bul olardıń ózbetinshe tańlawı bolıwı kerek.

*Tapsırma:* I.Gaydn, Avstriya kompozitorı V.A.Mocart, Betxoven tárepinen dóretilgen opera, simfoniya, hám sonatalardı ajıratıp ekspert betindegi konceptual kesteni toltırıń.

*Tarqatpa material:* «Aida», «Sıyqırlı nay», «Rigoletto», «Don juan», «Figaronıń úyleniwi», «40-simfoniya», «Lunnaya sonata», «London» simfoniyası, «Sıyqırlı nay», «Xoshlasıw» simfoniyası, «K Elize».

***Ekspert beti №1***

| *№* | *Kompozitor* | *opera* | *Simfoniya* | *sonata* |
|---|---|---|---|---|
| 1 | I.Gaydn | | «London» simfoniyası | |
| 2 | V.A.Mocart | «Figaronıń úyleniwi», «Sıyqırlı nay», «Don juan» | 40 simfoniya | Sonata №11 |
| 3 | L.Betxoven | «Fidelio» | | «Lunnaya sonata», «K Elize» |

Juwmaqlap aytqanda, «Vena klassik mektebiniń wákilleri» temasın úyreniwde sabaq barısında joqarıda kórsetilgen interaktiv metodlardı qollanıw oqıwshı menen oqıtıwshınıń birgelikte islesiwin, oqıwshılardıń sabaqqa aktiv qatnasıwın hám jaqsı nátiyjelerge erisiwdi támiyinleydi.

**Ádebiyatlar**


1. Ro'zieva D., Usmonboeva M., Holikova Z. Interfaol metodlar: mohiyati va qo'llanilishi. Metodik qo'llanma. –Toshkent: Nizomiy nomidagi TDPU nashriyoti. 2013. 3-b.
2. Деева Е.М. Применение современных интерактивных методов обучения в вузе. –Ульяновск: УлГТУ. 2015. –С. 9.
3. Ibrohimov O., Sadirov J., Tajetdinova S. «Muzıka» 7-klass ushın sabaqlıq. Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi. –Tashkent: 2017, 91-b.
4. Yuldoshev J., Hasanov S. Pedagogik texnologiyalar. -Toshkent: «Iqtisod-moliya», 2009. 354-b.
5. Axunova G.N., Golish L.V., Fayzullaeva D.M. Pedagogik texnologiyalarni loyihalashtirish va rejalashtirish. -Toshkent: "Iqtisodiyot", 2009, 90-b.
6. Штейнпресс Б., Ямпольский И. Музыка ҳәўескериниң қысқаша сөзлиги. –Нукус: «Каракалпакстан». 1983.



**REZYUME.** Ushbu maqolada musiqa darsida qo'llaniladigan interaktiv metodlar haqida so'z etiladi. Vena klassik maktabi namoyandalari haqida ma'lumotlar ko'rib chiqilgan. Metodni tatbiq qoidalariga to'xtalgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится об использовании интерактивных методов на уроках музыки. Рассмотрены материалы о представителях Венской классической школы. Отмечены правила выполнения методов.

**SUMMARY.** This article talks about using interactive methods in music lessons. Materials about representatives of the Vienna classical school are considered. The rules for executing methods are noted.


# TA'LIM MUASSASALARIDA JISMONIY TARBIYA DARSLARINI ZAMONAVIY METODLAR ORQALI REJALASHTIRISH


**Sh.A.Arziev** – *assistent o'qituvchi*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*
**S.K.Tulepov** – *assistent o'qituvchi*
*Berdaq nomidagi Qaroqalpoq davlat universiteti*



**Tayanch so'zlar:** metod, intellektual, innovatsiontexnologiyalar, seleksiya, qonun, farmon, qaror, federatsiya, chempionat.
**Ключевые слова:** метод, интеллектуальный, инновационные технологии, отбор, закон, указ, решение, федерация, чемпионат.
**Key words:** method, intellectual, innovative technologies, selection, law, decree, decision, federation, championship.


Jahonning rivojlangan mamlakatlari tajribalarini o'rganish, mahalliy shart-sharoit, iqtisodiy va intellektual resurslarni inobatga olgan holda jamiyat hayotining barcha sohalarida tub islohotlarning amalga oshirilayotganligi yangidan-yangi yutuqlarga erishishni ta'minlamoqda. Turli sohalarda yo'lga qo'yilayotgan xalqaro hamkorlik garchi o'z samarasini berayotgan bo'lsada, biroq, milliy mustaqillikni har jihatdan mustahkamlash, erishilgan yutuqlarni boyitish, mavjud kamchiliklarni tezkor bartaraf etish jamiyat a'zolaridan alohida fidokorlik, jonbozlik, shijoat va qat'iyat ko'rsatishni talab etmoqda.

Ilm-fan, texnika, ishlab chiqarish va texnologiya sohalarining mavjud taraqqiyoti zamonaviy jamiyat qiyofasini belgilab bermoqda. Zamonaviy jamiyatning eng muhim xarakterli jihati uning barcha sohalarida globallashuvning ko'zga tashlanayotganligidir. Globallashuv o'z-o'zidan tezkor harakatlanish, zarur axborotlarni zudlik bilan qo'lga kiritish, ularni qayta ishlash va amaliyotga samarali tatbiq qilishni taqozo etadi. Bu tarzda harakatlanish imkoniyatiga o'z sohasining bilimdoni bo'lgan, kasbiy malakalarni yuqori darajada egallayotgan, boy tajriba va mahoratga ega kadrlargina ega bo'ladilar. Pedagog kadrlarni zamonaviy